Соколёнок

2/2013

# Лачен

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



# Расул ХIамзатовасул сон

*Хириял лъимал!*

*Исана 90 сон тIубала тIолго дунялалъе машгьурав магIарул шагIир Расул ХIамзатов гьавуралдаса. Гьединлъидал исанасеб сон Расулил сонлъун лъазабулеб буго гIицIго Дагъистаналдагун Россиялда гуребги, рикIкIадал улкабаздаги. Гьедин ХIамзатовасул юбилеялда хурхарал тадбирал тIоритIизе руго Англиялда, Австралиялда, Турциялда, Гуржистаналда ва гIемерал цоги рикIкIадаги гIагардаги ругел пачалихъазда. Гьел киналго ишазулъ жигараб гIахьаллъи гьабизе буго Расул ХIамзатовасе цIакъго хирияллъун рукIарал рикIкIен гIемерал цIалдохъабазги. Культураялъул идарабаздагун школазда тIоритIизе руго поэтасул творчествоялъул бицунел данделъаби. ГIуцIизе руго Расулил кучIдул лъикI цIалулел лъималазул къецал. Расулил рагIабазда кечI ахIулел гьунарчагIазе рес щвезе буго халкъалда цере рахъине. Гьезда релълъарал гIемерал цогидалги авадаnал данделъабаздалъун бечедаб букIине буго гьаб лъагIел. Амма бищунго аслияб тадбирлъун лъугьине буго МахIачхъалаялда, Гъуниб, Хунзахъ ва Дербенталда тIобитIизе бугеб «ХъахIал къункърабазул къо».*

*ХIурматиял «Лаченалъул» гьудулзаби!*

*Нижер редакциялъги лъазабун буго Расул ХIамзатовасде хъварал лъималазул кучIдузул конкурс. Ва нуж ахIулел руго гьеб конкурсалда гIахьаллъизе.*



# Эбел

Расул Хlамзатов



Гъулакалда лъуравги-
Лъимер вуго дуй, эбел.
БотIрол рас хъахIлъаравги-
Гъадавго лъимер дуе.

Дир лъагIелаз дур бухIи,
ХIинкъи бигъа гъабичIо.
Дуе дун - гьитIинав вас,
Сонал кигIан аниги.

Дур кидагосеб хIинкъи, -
ГIатIидаб дунялалда
ГIодов ккезе гурин дун
ГьитIинго тIохда гIадин;

Цощина дун квачалин,
Цощина дун унтилин:
Аллагь, цIуне дир васин,
ЩIаялъ вухIизе гурин.

Дида гьеб кинабгIаги
КватIун гурони лъачIо.
Мун камидал бичIчIана
Щиб жо кколеб бесдаллъи.

Каранда цо панаяб
Гьалдолеб цIа букIана.
Гьанже рекIунеб гьечIо, -
Дир рекIел чирахъ свана.

# ГьитIинав чанахъан

## ХIусен ХIажиев

Муса ккола нижер мадугьал ва дир лъикIав гьудул. Гьесие цIакъ хирияб буго туманкI. РетIун хъабарчагун, гIундул даларабтIагъурги лъун, бухъулаго-хъвалаго гIазугун чанаве ине щвани мурад тIубала гьесул. Гьесда цо-цояз абула гьитIинав чанахъанилан, цогидаз ахIула «музрахъги вакканилан». Гьеб буго гьесда кIодоэбел Паризатица лъураб тIокIцIар. Гьелъ, щаяли, тункIида «музрахъилан» гурони абулароан. Школалда цадахъ цIалулезцин Мусаде «музрахъчиян» ахIулаан кепалъе.

Цо нухалда кIодоца Мусаде гIарз бахъана: «Мун чанахъан ватани, хIехь гIанасеб дир гIанкIу хъамураб цер чIвай, кIолеб батани», - ян. Мусаца кIодое щулияб рагIи кьуна рачI халатаб цIогьор жинца тезегьечIилан.



Гьес кодобе босана кIудияв вацасул гудур ва сапар бухьана Хьонода Бакълъухъе. Гьениб цо чIедерабго сухъмахънухда гвендги бухъун, гьес рекъезабуна гудур. Бакъвараб ракги хIарун тIаде бан, Мусаца гудур бахчизабуна, цояб рахъалда гьанал кесекги лъун, жибго тана.

Анкьалъ хьвадана Муса гудур гъураб бакIалде. Амма хIасил кколеб ва гьев мурадалде щолев вукIинчIо. Цониги нухалъ чвархъизабун батичIо гудур. МахI чIвараб лъаларо, гудур гъураб бакIалдецин къалеб букIинчIо я цер, я гIанкI, я цакьу.

ЛъугIулел рукIана каникулазул дагьалго къоял. Царал сихIирлъи бергьун батизе ккола, тIагIана гьелъул лъалкIцин.

Гьале жакъаги, радалго вахъун, гудратIе ваккизе ана Муса. Гьес гьарулел рукIана батIи-батIиял пикраби: «Жакъаги цер ккун батичIони, кIодоэбелалъ щибиландай абила? «Гьа, дир вас, хаду-хадуб бачIинебищ тараб цер? Гьи-и-и-я, мун гIадинав чанги чанахъанасул чарухъал рагьизарурал цурдулин дол кколел. Дур гудратIе бачIинегIан бетIер багъун батиларо долъул», - ян абила гьелъ жакъаги, сихIирго гьимулаго ва хIеренго дир бетIералда кверги бахъун.

Гьединал пикрабазда Муса щвана гудур гъураб доб сухъмахъалде. Щобил тIогьисанги баккун, гьесие гьимулеб букIана бакъ. Гьелъ жиндирго хинал чIорал расандизарулел рукIана гьитIинав чанахъанасул талихIалъул цIурал, чIегIерал беразда жанир.

Гъураб бакIалда гудур батичIо Мусада. Гьеб букIараб бакIалда бихьа-

на гIицIго гьитIинаб гвенд. «ВахI, щибги ккун, кибедай ана гудур?» - ан хъатикь тIилги ккун, лъакIда хаду-хадув валагьун ана Муса. «ТIирикI-тIирикIилан» кIетIолеб букIана гье-сул ракI. «Цощинаб, цер гуреб, бацI ккун батани, щибдай дица гьабила?» - ян ккана гьесда ракIалде.

Гьеб лахIзаталда Мусада бихьана ракьул гIеркъилъ бахъараб картIиниб кьерун, бахчун чIараб жанавар. ЛъикI хал-шал гьабидал гьесда лъана гудраца ккураб жо цер букIин. ГьитIинав чанахъан аскIове гIагарлъанагIан гIасилъулеб, гъанчделеб букIана цер. Цере рехун рукIана хъухъадироялъул гIадал гьелъул гажал. КIалалъ букъулеб букIана гудур. ГIемер вохиялъ Мусада кIочон тана царада кIалги, кIалдир гажалги рукIунеблъи. Бохги ккун цер къватIибе бехъерхъизе къасдалда, гьес квер картIинибе бегьана ва цараца хапараб кIалалъ гьесул килищ борлъана. Чанахъанасда лъачIо гьелъул унти, гьесда бихьичIо чвахулеб би. Танкан тIасаги бахъун, Мусаца цараде тIаде рехана квасквасги лъун эбелалъ гьабураб «куртка» ва, къан гъванщаги ккун, цер къватIибе бехъерхъана. Гьебин абуни батана, цер гуреб, царал тIинчI. «Бокьани, цер букIа, бокьани, тIинчI букIа, цер буго - цер. Гьанжеги ккеян абе дун махсароде кIодоэбелалъ!» - ан абуна жинцаго жиндаго. Нужеда бихьизе лъикIанха, лъимал, Мусал букIараб рохел! Гьес, тIасаги бахъун, чанго нухалъ эхеде рехана тIагъур. «Эгье-гье!» - ян ахIулеб гьесул гьаракь кьурабаз букIана такрар гьабулеб...

Бухьун кIалгун, гарбида рахас-ги бан, школалде бачун бачIана Мусаца царал тIинчI. Гьелъухъ ба-лагьун гIемер кеп босана школалъ-ул цIалдохъабаз. Киназго баркала кьолеб букIана гьитIинав чанахъа-насе. ГьабсагIаталдаги школалъул «чIагояб бокIоналда» буго Мусаца ккураб чан. Гьайгьай, гьанже гьеб кIудияб гIун буго. ГIуниги щиб, гьан-же лъималаз гьелда сихIирабилан абуларо. СихIираб букIарабани, гьеб Мусал гудракье ккелааницха.

Гьеле гьединав машгьурав вуго дир гьудул ва мадугьал Муса.





## ХIасан ХIабибов

# ХIалтIул къо

ГIемераб хIалтIи буго
ХIажил жакъа гьабизе:
Радал бачалги рачун,
МагIарде щвезаризе;

Цинги, югалде арал
ХIанчIи тIаде щвелалде,
Щибаб гъотIода цо-цо
Гьезие рукъ гьабизе;

Ахикье лъим тIамизе,
Хадуб пастIан гьанкIизе,
Гьенибе ракги баччун,
Ракь беэнлъизабизе;

Жеги, къаде квен босун,
Бабада хадув ине,
Хурий хIалтIулей гьелъий
Лъимги цадахъ босизе...





*ХIажи ГЪАЗИМИРЗОЕВ*

## МАГЪУЛА

Дир буго цо магъула,
ГъалбацIалда релълъараб,
Михъида цедер бугеб,
РачIалда рокьо бугеб.

Гьелъул гьаракь рагIани,
ГIункIкI картIиниб кьерула,
Гьеб рагъиде бачIани,
Бобикцин тIурун уна.

Расги хучизе гьабун,
Гьой бихьидал хъирула,
Гьодил кIамурги гьабун,
КIартида данде уна.

# Расандизе РикӀкӀунел





***

**Гьадаб ссанда тӀегь буго,**
**ТӀогьиб маххул хеч буго,**
**Аххада гьабал руго,**
**Гьабихъ гӀадамал руго,**
**ГӀадамахъ кини буго,**
**Кини цӀун багӀар буго,**
**БагӀар гӀуруца ана,**
**ГӀурул кету лъабчӀвана,**
**Лъарал кету ункъчӀвана,**
**Ункъо бох букӀараб чу**
**ЧехьатӀаде рехана,**
**ТӀохда букӀараб гьудгьуд**
**Гьороца хъамун ана.**





***

**ВукӀанила кӀартилав,**
**КӀанцӀанила нохъоде,**
**Беканила квегӀаб бох,**
**КватӀанила рокъове,**
**Вуханила кӀодоца,**
**КӀутӀанила инсуца.**




# РАХЬДАЛ МАЦІАЗУЛ БАЙРАМ

Исана лъабабилеб нухалда тІобитІана тІолгодунялалъул миллиял мацІазул къо. Дагъистаналъул шагьараздагун росабалъги рукІана гьеб байрамалда хурхарал тадбирал. Хасго кІвар цІикІкІараб ва кІудияб праздниклъун лъугьана Дагъистаналъул мугІалимзабазул лъай борхизабулеб институталда букІараб байрам. ГІадатлъун лъугьахъе гьенир тІоритІула рахьдал мацІалда кучІдул цІалиялъул цІалдохъабазда гьоркьор гІуцІарал республикаялъул къецал. Дагъистаналъул щибаб районалъ гьенире ритІула бищунго лъикІ мацІги лъалел цІализеги лъалел лъимал. Щибаб районалдаса гьенив гІахьаллъизе вачІун вукІана кІи-кІи вакил, 10 абилеб ва 11 абилеб классалда цІалулел цІалдохъаби. Занкун зал цІурал къецалъул гІахьалчагІазе ва гьезул мугІалимазе музыкалияб салам кьезе рачІун рукІана кьурдул ва кочІол ансамблялъул гьунарчагІи. Гьезул церерахъиналъ рохел цІикІкІинабуна залалда жаниб.



*Рахьдал мацІалъул байрамалда*

Цинги цIалдохъабазе салам кьезе цере рахъана: Лъай кьеялъул министрасул заместитель Мусалаева Нателла, Хъвадарухъабазул союзалъул вакил АхIмадова Марина, «Лачен» журналалъул редактор Хириясулаев МухIамад, Дагъуниверситеталъул кафедраялъул заведующий ГIабдулатIипов ГIабдулкъадир ва цоги хIурматиял гьалбал.

Гьенив кIалъалаго МухIамад Хириясулаевас абуна:

- Цо-цояз миллаталъул бищунго лъикIал вакилзабилъун рикIкIуна речIчIухъаби. Цояз абула кIудияб хъулухъалде ккарав чи вугин миллаталъул вакилан. Руго бечедал чагIазда цIар чIвазе бокьаралги. Дица рикIкIунаро гьедин. Дида ккола миллаталъул бищунго мустахIикъал вакилзаби кколин гIагараб мацIги лъалел, гьеб мацIалъул бацIцIалъиги цIунулел чагIи. Гьеле гьел руго щибаб миллаталъул вакилзабиги, щибаб халкъалъул церехъабиги. Къуваталъухъ балагьун, бечелъиялъ борцун гуреб, мацIалъухъ гIенеккун цIехола миллат. МацI бугебгIан мехалъ хутIула миллат.

Цебехун рехсаралъул хIисабги хIасилги гьабуни, дир хириял гьудулзаби, жакъа гьаб кIалгIаялде рачIарал гIолилал ккола жиде-жидер миллаталъе бищунго къиматал чагIиги, бищунго къадруял вакилзабиги, - ян лъугIизабуна поэтас жиндирго кIалъай.

Хадуса щибаб миллаталъул лъимал ана жидерго мацIазда къецал тIоритIулел классазде.

Кидаго гIадин гьеб байрамалда гIахьаллъизе рачIун рукIана цIакъго гIемерал магIарул лъимал. Гьезул жюриялда рукIана: М.Хириясулаев, МугIалимзабазул лъай камил гьабулеб институталдаса гIалимчIужу РайхIанат Юсупова ва Пачалихъияб университеталдаса гIалимчIужу Рашидат Майиндурова.

Жюриялъ къотIараб хIукмуялдалъун Лъай кьеялъул министрас гъулбасарал дипломал щвана: 10 классалъул цIалдохъабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккурай ЦIияблак районалъул ЦIияб Чуртахъ росулъа ХIасанхIусенова Асиятие, кIиабилеб бакI щварай Гумбет районалъул ЦIиликьа ХIажиева Зайнабие ва лъабабилеб бакIги дипломги щвана Шамиль районалъул ТIидиса ХIасангIалиева Асиятие.

Гьале 11 абилеб классаздаса дипломанталги:

ТIоцебесеб бакI ккуна Буйнакск районалъул ЧIикIаса Сурхаев ХIамзатица, кIиабилеб бакI босана МахIачхъалаялдаса (гьение ячIинегIан ЛъаратIа районалда цIаларай) БагIармеседова Сайдатица. Лъабабилеб хIурматияб бакI къуна Кизилюрталда бугеб ТУОялъул вакил МухIамадова ПатIиматие.



Къецазда бергьарав Сурхаев ХIамзат

*Мурад Хириясулаев*

# Лъималазул асарал

## КУМЕК ГЬАБИЗЕ БУГО

Дун гъоркьиса хаслихъе
Школалде вачана.
Учителас нижеда
ГІемераб жо малъана.

ТІоцере хІуччал хъвана,
Хадур хІарпал малъана.
Гьанже бокьараб тІехь кье,
Дида цІализе лъала.

ТІадеялъур гьитІичал
Рачина школалде,
Дица гьезий кидаго
Кумек гьабизе буго.

*Дациев Адам,*
*4 «а» класс.*





## Гьудул

Бищун гІамал берцинав,
Бищун гІамал хІеренав,
МухІамадин цІар лъурав
ЛъикІав гьудул вуго дир.

Дун хІалтІулеб мехалда
Кумекалъе щола гьев,
Дарсазде хІадурлъизе
Лъалареб жо малъула.

Мадугьаллъун вукІарав,
Вацлъун дие лъугьарав,
ЛъикІав гьудул вуго дир,
Дун гьесдаса чІухІула.

*ГІисаев ТІалхІат,*
*4 «б» класс*

## ТIЕХЬАЛДА РУГО:

Гьаниб камураб жо щиб?.........3
БукIина нижер бахча...............3
Риидал бахчаялда....................5
Бахчаялда пашманлъи............7
Жалго хутIила гIарщал...........9
ЧвахунцIад..............................11
Хаслихълъи ............................13
ЧиякIо......................................15

МухIамад Хириясулаев
РИИДАЛ БАХЧАЯЛДА
Редактор Мурад Хириясулаев
Худ.редактор Зияудин Даганов
Сдано в набор 11.03.2013г.
Подписано в печать 14.05.2013 г.
Усл.печ.л. - 1
Тираж 1846






РИО “Соколенок”







# ЧиякIо

Ролъул хур тIогьиллъана,
ТIоразда мугь цIубана.
Гьеб цIунизе чиякIо
Вачана хурухъанас.

ТIу-тIураб букIаниги,
РетIана гьесда гурде.
Габур квачаларедухъ
Жемана басрияб шарф.

Хаслихълъи тIаде щвана,
ХIалухъин бакIарана,
Гьеб рокъобе баччана,
ЧиякIо хуриб тана.

ЦIорораб гьури пуна,
Гьесул шарф боржун ана,
ТIаде ххарун катица
Костюм бихъизабуна.

ХутIана янгъизаб тIил
ХъахIлъараб авлахъалда,
Хъанчида цIакъ релълъараб,
Ракьалде къулун чIараб.





# ГЪАНИБ КАМУРАБ ЖО ЩИБ?

ЦIияб мина лъугIана,
Ниж гьенире гочана;
Рукъзал руго гвангъарал,
Гордал руго чIахIиял.

Рагъи бакъуца цIола,
ЦIваби тIохда хъван уна.
Гьаниб камураб жо щиб?
Гьаниб гIолареб жо щиб?

КIудадаца абуна:
- Буго гIолареб цо жо,
Цебе бахча гьечIеб рукъ
Рекъоларо магIарухъ.

# БУКIИНА НИЖЕР БАХЧА

Инсуца мина сверун
ГIуро гьанкIулеб буго.
Гьелда гъари бахъизе
Эбелги яхъун йиго.

Нижеда хаду-хадуй
Газагун яцги йиго.
Нижеца бегараб ракь
Бухъун тамах гьабулей.

БотIрода хъван-хъвачIого
Бакъ буго тIаде къулун.
Нижер гIетIул гараца
ПастIан буго лъалъалеб.



# Хасалихълъи

Риялъ мугъ рехана,
Хасалихълъи рещтIана.
ТIабигIаталъ хIеренго
ХIухьел босанин ккана.

ТIощел бакIараб хур
Халаса бегун буго.
ХарибакI расалъуда
ХIалхьи гьабулеб буго.

Гьале гъотIол гIаркьелал,
Ракьалда цун рукIарал,
Пихъ бетIидал тIадагьго
Гьаваялде рорхана.

Кирехун руссаниги,
Ссун руго зодил кьерал,
Цого-цо жаккидул гъветI
Жеги буго багIарлъун.

Жиндир каралъе рахун,
Кваналареб щай пихъан,
БаргщунгIаги гуродай
Доб гIодобе къулараб?

Яги цоги пихъалгIан
Жиб тIагIамаб гьечIилан,
ТIабигIаталде цебе
Цодагьабго нечондай.





# Риидал бахчаялда

Нижер цIияб бахчаялъ
Бечедаб бачIин кьела,
Бокьани, пер, гьоло, ролъ
Гъуинаб хъарпуз, хъабахъ.

Гьеб кинабго гьарзаго
ГIолеб, барщулеб буго;
ГIолареб жо дицаги
Толаро бахчаялда.

Радал цудунго вахъун,
Лъим жанибе тIамула,
Гьеб щоларел тIугьдузе
ТIола, парччиги босун.

ГIанкIуязул ракги бан,
Беэн гьарула кьерал,
Гьоркьоб бижараб чIар-хер
ЧIарала щибаб кьойил.



# Чвахунцlад

Зодихъ чIегIерал накIкIал
Роржанхъизе лъугьана.
Лъутун ана цIунцIраби
ЦIад балелде рокъоре.

Вехьас гIиял рехъаби
Нохъодехун сверана,
Ссанда мокъокъил тIанчIи
ТIалуда гъоркь рахчана.

ЦIадалдаса хIинкъараб
Бакъги накIкIукь кьерана,
Лъималги, къокъаби ккун,
Рокъоре гочун ана.

Цинги чвахун цIад бана,
КъватIакь иххал рахъана,
ТIад цIумур барал хIорал
КъватIазда полпихана...

Цинги балеб чвахун цIад
Хьадарлъана, къотIана,
КъотIноре расандизе
Васалги гIедегIана.

Вехьас жиндирго рехъен
Авлахъалде бачана,
НакIкIукь бахчун букIараб
Бакъги къватIиб бахъана.



# Бахчаялда пашманлъи

Гьаб бечедаб бахчиниб
ЧIалгIунциндай бакъдебусс,
Пашманго, къеда тIасан
КъватIибе балагьараб.

Цогидал овощалгун
РакI гъоларого гIадин,
ГIарщал рехун, къадахъан
Хъабхъал руго харулел.

ГъотIол тIогьибе бахун,
Хумелаг буго унеб,
Лъобаса сверухъе бакI
Бихьизедай хьул лъураб.

ПастIан ччукIун лъугьараб
ГIеркъидаса кIанцIараб,
ГьитIинаб хъарпуз буго
ГьакIкIан кIалгун гIодилеб.

Гьел ццин бахъун ратила
Рухь-рухьарал гIарщазда.
ГIарщал рукIинчIелани,
Инаан гьел тиризе.





# Жалго хутIила гIарщал

Бакъдебуссал, хъарпузал,
ХъахIгьологун хумелаг,
Дагьал къояз яхI гьабе,
БачIин бакIаризегIан.

Цинги машинаялда
РекIине гьарила нуж,
Базаралде рачина,
Тукабазда ричила.

Риилялъ нуж рухьарал
ГIарщал дица къотIила,
Цинги янгъиз хутIила
Жалго цохIо пастIанир.



# Учительница

Унго нижер йигей лъикIай мугIалим
Лъайги тарбияги мухIканго кьолей,
Эбел кIалъалелъул лъимал гIадинан,
ГIенеккула нижги гьелъул дарсазухъ.

Цинги гьелъ малъараб адабги босун,
Ина рахъ-рахъалде, чIахIиял гIедал.
Ва, кире кканиги, кидаго даим
Долъ гIайиб чIваледухъ чIеларо кинго.

*ГъазимухIамадова Зугьра,*
*4 «а» класс.*





# Лачен

Цо дир бугеб гIадаб берцинаб тагьи
Гьаб ракьалда лъилго батизе гьечIо,
ГьитIинго гIала хун, бесдал хутIараб
ГIезабуна дица, гIакдал рахьги кьун.

Тагьидул тулпарлъи,
лебаллъи бихьун,
«Лаченин» ахIула лъималаз гьелде.
Дир гьудулзабиги вацгIалзабиги
Гьебгун расандизе рачIуна къойил.

*МухIамадов МухIамад,*
*4 «б» класс.*




## ИСТОРИЯЛЪУЛ ДАРСИДА

Пашманго школалдаса вуссарав васасда эбелалъ гьикъана:

- Жакъаги историялъул дарсида кІиййилаб ккун рагІула гури дуе. Гьедин бегьилищ, дир вас? – ан.

- Дида гІайиб щиб, баба, мугІалимас дун гьавилелдего ккараб жо бицине тІамураб мехалъ, - ан жаваб кьуна васас.





## РАХЬДАЛ МАЦІАЛЪУЛ ДАРСИДА

- Дица беркІал чурана. Дос беркІал чурулел руго. Дуца беркІал чуризе руго, - ян лъабго предложение доскаялда хъвана мугІалималъ. – Кинаб заман щибаб предложениялъ бихьизабулеб бугеб? – ан лъималаздехун юссана гьей.

- ГьатІан къо батила гьениб, - ан абуна, анкьида жаниб цо нухалъ гурони, беркІал чуруларев васас.

**МИСАЛ БАЧЕХА**

# Одеколоналъул махI

- Баба, одеколон щай букIунебали лъала дида.
- Щайха, дир вас, гьеб букIунеб?
- Квешал чагIи лъикIал ругин ккезе, гьездаса берцинаб махI бахъинабизе хIажалъула гьеб.

# Шапакъатал щвезе

Инсуца стадионалде вачарав васас гьикъана:

- Дада, дов кIиго чи щай додигIан гIедегIун рекерулел ругел? – ан.
- Цере ккаразе шапакъат щолелъулха, - ян кIалъана эмен.
- Дол нахъа хутIаразе рокьуларищ, дада, шапакъатал? – и н лъугьана вас.





# КIалъалел чагIи рихьизе

- Дада, рачIа телевизоралда жанире раккизе, - ян вачIана инсухъе вас.
- Гьелъул пайда щиб? - абун валагьана васасухъ эмен.
- Дол кечI ахIулел, кьурдулел чагIи нилъедаго рихьизе, - ян гIамал кIодого кIалъана вас.









Адаца Аминие
Аманат гьабун тана:
Аминатгун, Азагун
Азбаралде унгеян.

Ай жийгойин абуни,
Алхасги цадахъ вачун,
Ахикье уней йиго
Ахбазан бакIаризе.






Базаралда бабаца
Банан бичулеб буго,
Банан учузго буго,
Булач разиго вуго.

Бабаца бищун лъикIаб
Банан Булачий кьуна,
Булачица бачие
Бахъун гьелъул хъал кьуна.

## В

Васяца васандизе
ВахIид ахIулев вуго.
- Ва-хIа-та-та, ахIуге
ВахIид гьитIинго вуго.

Вац вуго гьев вачинин
Велосипед бачине.
- Ва-хIа-та-та, вачунге,
ВахIид гьитIинго вуго.



## Г

Гургинаб гохIде бахун
Гагу буго «гу-гу», - ян
Гонгида гарал гIадал
ГурцIал руго гиргилел.

ГохIтIе щун Гула вуго
Гагудуй гудур гъолев.
ГортIа Гунащги вуго
Гозоргъоялъ гурцI чIвалин.

Гаргадеян Гула тун,
Гудун гагуги ана.
Гогьдареян Гунащ тун,
Гочун гурцIалги ана.



## Гъ

Гъалараб гъотIода гъоркь
Гъаплан гъапуллъун буго,
Гъурулаго гъарцIигун
ГъалбацI бачIунеб буго.

Гъогъол гъонохъе щведал
ГъалбацI гъугълъун лъугьана,
Гъаплананалда берчIвайдал
Гъараялъе ургъана.

Гъалалги гъализарун
ГъалбацI гъул-гъугъударабго,
ГъотIол каралъ букIараб
Гъалу хIинчI боржун ана.




# ХIамаги кIиго кIертги



БукIанила цо хIамаги гьелъул кIиго кIертги букIанила. Цо кIерталда «ХIос» абун, цогиялда «КIваро» абун цIаралги рукIанила гьезда. КIуртулги рокъор тун, хIама лъарахъе анила. ХIамида лъарахъ цо бацI батанила. БацIица гьелда абунила жинца мун гьабсагIат чIвалин. ХIамица абунила жиб цIакъ хIалакъго бугин, жиндир рокъоб кIиго кьарияб кIерт бугин. Жиб чIаго тани, чIвазе гьелги рачун бачIинин жиб духъеян кIалъанила хIама. Гьедин бацIидаги абун, хIама рокъобе анила. Цинги нахъасан рахан, щула гьабун нуцIагун, бахчун чIанила. БичIчIанила бацIида жибго гуккараблъи. Гьеб хIамил бокьалъул кIалтIе бачIанила: «Ва, ХIос!» - абун ахIанила. ХIамица жаваб кьунила: «ХIос нуцIида нахъа бан буго», - ян. «Ва, КIваро!» - ян ахIанила бацIица. «КIварабани дуца дун лъарахъго чIвалаан!» - илан ахIанила хIамица. Гьезул ахIи-хIур рагIун макьидаса рорчIарал росдал гIадамал бацIиде тIаделъанила. ТIилазги, лъундузги, булдузги бухулаго, бацIида росу тезабунила.



# Илагъвала



БукIанила цо хIинчI. Гьелда цIарги Илагъвала букIанила. Хур бакьулъ бижараб гъотIол каралъ ,каранде анкьго тIинчIги бачун, жиндирго бусада бегун букIанила гьеб. ТIаде бачIанила цер, цинги гьелъ ахIанила:

Гьаб ссанги дир, Илагъвала,
Гьаб хурги дир, Илагъвала,
Хуриб жаниб бижун бугеб
Гьаб гъветIги дир, Илагъвала.
Дица къотIун дегIениса
ГъветI рехизе бокьичIони,
Кье дие тIинчI, хехлъи гьабун,
Хвасар гьабе дурго бусен.

ГъветI къотIиялдаса хIинкъараб хIанчIица царае жиб-жиб къоялъ цо-цо тIинчI реханила. ЦохIо тIинчI хутIараб мехалъ, Илагъвала цIакъ гIоданила. Гьелъул пашманлъи бихьарал цогидал хIанчIаз гьелда щиб лъугьараб жоян гьикъанила. Илагъвалаялъ биццанила жиндирго къварилъи. ХIанчIаз гьелда абунила:

Царал жиниги гьечIо,
Гьелъул гIащтIиги гьечIо,
Цо гIаркьел бекизецин
Кутакги гьелъул гьечIо.
Гьанжесаги бачIани,
ЧIобого битIе нахъе,
Дица дир хIинчI кьезегIан
Кьвагъ-кьвагъун хваги мунан.

БачIанила гьанжесалаги цер, добго ссандаги кIусун ахIанила жиндирго кечI. Расги хIеличIого Илагъвалаялъ гьаб нухалъ царада гьадин абунила:

- Баракат бахъараб хъантIараб сихIир, дур гIащтIиййищ бугеб, жиниййищ бугеб? Щиб гьабундай дуца гьаб гъветI къотIилеб? - ан.

- Дуда гьедин абизе малъаразул кIал цIорон хутIаги! – янги абун, цер, гьабихъа хъанда гIадин, нахъ буссанила.



# Кинидахъ кечI



## Ясазе

ХIанчIи чIирчIидилелде,
ЧIарал хурий яхарай,
ЧIороло борчIилелде,
Балъда нахъа кIусарай.

Берцинал къачIалелде,
Къолое хур лъилъарай,
БагIар бакъ баккилелде,
Бахъун балъгун ятарай.



## Васазе

Тушманзаби толарев
ЧIуркангодай вахъина,
ЧIухIдаего хьвадулев
Хъергъугодай лъугьина.

Дандиялги нахъа тун,
КIанцIунгодай мун ина,
Цогидал хадур толев
Тулпардай дур вукIина.

Дунял сверун вуссунев
Бабал сурмияб микки.




## № I.

### ГIЕБЕДЕГИ ГIОДОРЕГИ ЦОГО РАГIАБИ:

I. Ралъдал рагIалда гIемераб жо.
2. ТIоцевесев Авараг.
3. Черхалъул бутIа.
4. Динияв цевехъан.



## № 2

### ГIЕБЕДЕГИ, ГIОДОРЕГИ, ГIАКСАЛДА ЦIАЛАНИГИ, ЦОГО РАГIАБИ:

I. ЧIарбида тIамулеб жо.
3-5. Анкьил къо.
2-4. Нилъер кIудияв поэтасул цIар.



## № 3

### ГIЕБЕДЕ:

I.ХьвацIил квар.
3. Нух битIизе тIолеб жо.
7. Сардил хIинчI.
10. Рахххан.
11. 12 моцI.
12. Вехьасул алат.
13. Оц гIечIеб хIайван.
14. Вичун восарав чи.

### ГIОДОРЕ:

I. Рукъалъул гIодоб бакI.
2. Рукъалъулги гIалхулги хIинчI.
3. Бахчаялъул нигIмат.
4. Лалил алатал.
5. Васасул лъади.
6. Хинал улкабазул пихъ.
7. НекIсияб цIайиялъул роцен.
8. ГьитIинаб къиса.
9. «Аминат» гьанже цо-цояз абулеб къагIидаялъ.






## Космос лъалезе

**РагIдукьегIан багIарун,**
**Бакъукье ккедал квачан,**
**Кинаб планетаялда**
**БукIунеб гьедин, лъимал?**



## Физика лъалезе

**БухIанагIан цIикIкIунеб,**
**ЦIорони, гьитIинлъулеб.**
**Щиб?**

***

**БухIанани, цIикIкIунеб,**
**ЦIорони, кIодолъулеб.**
**Щиб?**



# СОКОЛЕНОК
# №2\2013

Иллюстрированный детский журнал РД.
Издается один раз в два месяца.

Учредитель
Правительство Республики Дагестан

Журнал зарегистрирован федеральной службой по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций.
Регистационный номер ПИ №ТУ5-0025
от 21 мая 2009 г.

Издается с января 1980 г.

Главный редактор
М. АХМЕДОВ

Редколлегия:
М. АХМЕДОВ
М. АБДУЛХАЛИМОВ
М. БАРТИХАНОВ
И. ДИБИРОВ
Т. ЗУРГАЛОВА (ответ. секретарь)
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ
М. ХИРИЯСУЛАЕВ ( редактор)

Худ. редактор З. ДАГАНОВ
Тех.редактор Т. ЛУЗИНА
Художник номера М. МУТАЛИБОВ
Обложка М. МУТАЛИБОВ

Сдано в набор 11.03.2013г.
Подписано в печать 14.05.2013г.
Уч. изд. л. 4,89
Ус. печ. л. 2,79
Формат 60 х 84 -1/8
Тираж 1846 экз.
Заказ № 130

ГУП Республиканская газетно-журнальная типография
г. Махачкала, пр. Петра I, 61

Государственное бюджетное учреждение
«Редакция республиканских журналов «Литературный Дагестан» и «Соколенок»
360725, г. Махачкала, ул. Горького, 6

**Аварский язык**

индекс: на год - 63277, на полугодие - 73902.